



Deklarasyon enpak sou pwopozisyon ak prezantasyon sou egalite komite lekòl

Tit: Kod Konduit Boston Public Schools

Dat: jeudi 9 septembre 2021

Èske yo te itilize [Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal](#) la? Wi Non

Si wi, antre dat rankont REPT a ansanm ak lyen pou mennen w nan REPT ki fini an isit la:

Èske yon manm nan Divizyon pou Lakin nan Egalite, Estrateji ak Opòtinite a te analize deklarasyon sa a? Wi Non

Seksyon ki Gen Rapò ak Zouti Planifikasyon Egalite Rasyal BPS yo	Rezime/Motif
<p>Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta ou dezire nan pwopozisyon/efò a, sitou nan zafè elimine diferans? Ki moun ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refilete idantite gwoup elèv ak fanmi BPS yo (gwoup ki pi enpòtan yo se moun ki fè pati gwoup Nwa, Latino-ameriken, Azyatik, endijèn, imigran, miltileng, epi ki gen eksperyans nan Edikasyon Espesyal la)?</i></p>	<p>Mizajou Kod Konduit (Code of Conduct, COC) BPS la vize atenn rezilta sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● alinye kod la avèk Plan Estratejik BPS ● rakousi Kod la pou rann li plis konvivyal ● elimine langaj legal tout kote li posib ● deplase direktiv pwosediral yo vè sikilè ki deja egziste (Pwosedi Miz-an-èy Kod Konduit yo, sikilè SUP-5) ● restriktire nivo soutyen nan plizyè nivo pou alinye sou sipò Kod yo pou kreye divès kominote lekòl an sekirite, solidè ak ekitab epi remedye ak disparite dokimante nan to sispansyon pou elèv nwa yo, elèv Latino yo, ak elèv andikape yo ● mete an èy divès seyans fòmasyon nan echèl distri a pou dirijan lekòl yo, manm ekip administrativ yo, elèv yo, ak fanmi sou COC revize a ● angaje vwa jenès la nan priz desizyon nan travay avèk BSAC ak Jenès la sou Konsèy la epi founi opòtinite pou pati prenan yo founi fidbak. <p>Ekip Kod Konduit la te inisyalman dirije pa Sirentandan Adjwen Operasyon Samuel DePina ak, depi prentan 2019, pa Sirentandan Asistan Dacia Campbell.</p> <p>Ekip Kod Konduit BPS la reprezante plizyè departman Central Office (Biwo Santral) yo, ki enkli Akademik yo, Edikasyon Espesyal, Operasyon yo, Soutyen Elèv yo, Ekite, Succeed Boston @ the Counseling and Intervention Center, Konseye Jiridik, Enpak sou Elèv yo ak Kominote a, Konsèy Konsiltatif Elèv Boston yo (Boston Student Advisory Council, BSAC), ak Divizyon Lekòl yo. Anplis de sa, Youth on Board te patisipe an tan ke patnè ekstèn. Dirijan yo ak manm Ekip sa refilete karakteristik demografik rasyal ak lòt elèv BPS yo, epi enkli endividi ki gen ekspètiz Edikasyon Espesyal.</p>
<p>Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/efò a aliyan ak plan estratejik distri a?</i></p>	<p>Revizyon 2021 Kod Konduit la ak rezilta swete yo enimerere anwo yo alinye avèk Plan Estratejik BPS nan domèn swivan yo:</p> <p>1.7 Elimine dispwopòsyon nan miz-an-èy Kod Konduit la nan asire sal klas akeyant ak valorizan pandan n'ap aplike divès pratik restorativ.</p> <p>2.7 Fè chak lekòl vin yon espas sen pou chak elèv BPS, ofri sipò ak pwoteksyon nesèsè pou</p>

	<p>aprann, grandi, epi pwospere.</p> <p>2.8 Reyalize yon plan devlopman pwofesyonèl konplè nan tout distri a pou parapwofesyonèl yo, pwofesè, konseye, ak lidè biwo santral ak lidè lekòl yo pou devlope kapasite ak ekspètiz pou chanje avni elèv yo jan sa dekri nan plan sa a.</p> <p>3.1 Angaje vwa jenès la nan priz desizyon ak lidèchip nan yon fason opòten ak transparan pwofite de BSAC, Kabinè Jèn Sirentandan yo, gwoup konsantrasyon ak lòt fowòm yo òganize pou ofri vwa yo ak aprenan BPS yo.</p>
<p>Analiz Done <i>Ki done yo te analize? Èske yo te divize l selon ras ak lòt gwoup ki pi enpòtan yo? Kisa l te revele konsènan diferans yo?</i></p>	<p>Done revize yo te enkli yon analiz vyolasyon dokimante Kod Konduit yo, divès to sispansyon ak divès jou manke akòz de sispansyon an. Tout done yo te dezagreje pa ras, idantite seksyèl, estati Edikasyon Espesyal, ak nivo Aprenan Anglè (English Learner, EL), si aplikab.</p> <p>Done yo te montre yon tandans alabès sispansyon yo nan dènye tan sa yo; sepandan, yon kantite dispwopòsyone elèv Nwa, elèv Latino, ak elèv andikape yo kontinye sispann jiska 2,7% plis pase elèv Azyatik yo ak Blan yo.</p>
<p>Angajman Aktè yo <i>Ki moun yo te angaje (kantite, gwoup ki pi enpòtan yo ak wòl), kijan ak kisa sa a bay? Kisa elèv/fanmi pwopozisyon/efò sa te pi afkete yo te di?</i></p>	<p>Kòmanse nan ane lekòl 2018-19, Distri a angaje avèk yon gwoup laj entèvenan pou mete ajou COC la, ki genyen ladan yo anviwon 10 seyans retwoaksyon. Patisipan yo nan seyans yo genyen ladan yo pwofesè yo, elèv yo (atravè BSAC), dirijan lekòl yo, ak manm ekip administrativ lekòl yo ki mete an èv COC a.</p> <p>Angajman entèvenan adisyonèl la te enkli diskisyon avèk Konsèy Konsiltatif sou Kod Konduit la (Code of Conduct Advisory Council, COCAC) ki nome pa Komite Lekòl la, (Boston Citywide Parent Council) Konsèy Paran nan Echèl Vil Boston nan, Sirentandan, Sirentandan Lekòl yo, Ekip Direksyon Sirentandan, Biwo Avansman Komite ak Fanmi, Biwo Ekite a, Biwo Eka Opòtinite, Buwo Edikasyon Espesyal, Chèf Eksplwatasyon, Sirentandan Adjwen Operasyon yo, ak Chèf Lekòl yo.</p> <p>Entèvenan yo te chache devlope yon Kod Konduit ki:</p> <ul style="list-style-type: none"> • klè, konsi, ak plis aksesib nan alafwa lang ak fòm, epi ki genyen ladan yo plis egzanp mezi prevantif ak pwogresif • ki alinye avèk objektif estratejik aktyèl BPS yo • plis ekite nan miz-an-è vwa ak responsab pou elèv nou yo, administratè yo, pwofesè yo, ajans kominote ak sipò yo, ak paran yo/responsab yo/èd swànyan yo nan veye pataje responsab pou idantifye ak trete koz pwofonn konduit andeyò pist, ak pou kiltive anviwònman klas kote tout elèv yo kapab epanwi <p>COCAC, ki enkli defansè kominote yo ak founisè sèvis yo, te mande:</p> <ul style="list-style-type: none"> • yon chanjman nan Filozofi BPS ak Prensip Direktiv yo konsènan fason pou abòde konduit andeyò pist yo • itilizasyon ekskliziv pratik jistis reparatris olye de presedan sistèm soutyen yo nan plizyè nivo • estrateji pou abòde pandemik jimo aktyèl yo lye ak jistis rasyal ak sante piblik
<p>Estrateji san Patipri sou Kesyon Ras <i>Kijan pwopozisyon/efò sa a fè bese diferans yo epi ogmante egalite rasyal ak lòt egalite? Ki konsekans ki pa volontè ki posib? Ki estrateji konplemantè ki pral pèmèt pwosesis egalite a vanse pi lwen?</i></p>	<p>COC revize a ofri plis siveyans nan men Chèf Operasyonèl yo (Operational Leader, OL) sou sispansyon yo, espesifikman pou elèv ki nan klas 3èm a 5èm ane yo ak elèv ki fè objè pou yo ranvwaye yo ijan. OL yo egzaminen tout done sispansyon yo chak mwa, epi travay avèk pèsònèl lekòl yo avèk to sispansyon elve ak/oubyen sispann yon fason dispwopòsyone elèv Nwa yo, elèv Latino yo, ak/oubyen elèv ki andikape yo pou evalye pratik yo epi dispansè fòmasyon an.</p> <p>Konsekans enprevi yo kapab enkli: 1) administratè lekòl yo ak lòt manm pèsònèl k'ap fè fas ak divès chaj ogmantasyon travay, paske atant nouvo COC yo kapab egziye yon planifikasyon, yon fòmasyon, ak entèvensyon, ak 2) yon miz an èv inisyal enkoyènan nouvo</p>

	modèl la.
<p>Bidjè ak Ekzekisyon <i>Ki enpak bidjè a fè? Kòman egzekisyon an ap asire tout objektif yo, sitou objektif ki gen rapò ak egalite yo, reyalize? Ki Idantite gwoup ekip egzekisyon an, epi èske y ap pote yon vizyon egalite?</i></p>	<p>Pa genyen okenn enpak sou bidjè aktyèl la. Dirijan lekòl yo pral kontinye asire ke yo menm ak pèsònèl k'ap mete an èv COC a swiv direktiv egzamine yo, ki genyen ladan yo pwofesè yo, Direktè Asistan, Direktè Adjwen Lekòl yo, Dwayen Elèv yo, Kowòdonatè Kominotè sou Teren, parapwofesyonèl yo, ak manm Ekip Sipò Elèv yo.</p> <p>Fòmasyon, ankadreman, ak miz an èv COC pral konsantre sou ekite, egzamen kontini done sispansyon dezagreje yo, pratik anti-rasis yo, ak (nan mezi li posib) idantifikasyon koz pwofonn, ak itilizasyon mezi pwogresiv ak pratik reparatris avan eksklizyon an.</p> <p>Ekip Kod Konduit BPS la entèfonksyonèl epi manm yo refleto done demografik elèv yo konsènan ras, etnisite, ak lòt faktè. Divèsite gwoup sa esansyèl pou founi vwa ak eksperyans ki reprezante Distri nou an nan tout entegralite li.</p>
<p>Responsablite ak Kominikasyon <i>Kòman yo pral evalye enpak, dokimante epi kominike yo ak aksyonè yo? Ki moun ki pral responsab?</i></p>	<p>OL yo pral revize yon fason endepandan tout done sispansyon ak revizyon chak mwa, epi pral travay avèk dirijan lekòl yo ak manm ekip administratif lekòl ki idantifye yo pou evalye pratik yo epi livre fòmasyon an. Jeneralman, fòmasyon COC ap ofri chak ane pou dirijan lekòl yo, epi li disponib sou yon baz regilye pou tout manm ekip administrasyon yo. Ane sa, nou pral ofri plizyè dat fòmasyon nan Echèl Distri a pou dirijan lekòl yo ak manm ekip administrativ yo pou ale aprann sou chanjman yo. Divizyon Lekòl yo pral bezwen patisipasyon pou lekòl yo kote defi miz an èv yo pral rive dokimante.</p> <p>Divizyon Lekòl yo pral asire pou dirijan lekòl yo oubyen moun pa yo ki dezinye pral egzaminen chak peryòd done konduit yo avèk ekip pa yo. Done yo pral dezagreje pa ras/etnisite, idantite seksyèl, estati sosyo-ekonomik, estati aprenan anglè, ak estati antan ke yon elèv andikape pou enfòm pwomosyon pa yo de sipò prevansyon ak entèvansyon epi redui izaj sispansyon an.</p>